**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ БЕРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИСЫ ФАКУЛЬТЕТИ**

Факультет деканы:

_____ ф.и.к. доц. Турдабаев Қ.

«_____» «__________» 2012 ж.

**5320100 – Журналистика бакалавр бағдарының 4-курс студенти**

**Ережепов Батырдың**

**Интернет информацияларының инсан психологиясына тәсири** темасындағы

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

Жақлаўға рухсат етилди:
Журналистика кафедрасы баслығы:
**Т.и.к. Бекбаўлиев Д.** ___________
«___» «__________» 2012 ж.

Илимий басшы: **ОРАЗЫМБЕТОВА Злиха Қыдырбаевна** - филология илимлериниң кандидаты, журалистика кафедрасының доценти.

Нөкис - 2012-жыл

## Мәмлекетлик аттестация комиссиясының
## ҚАРАРЫ:

5320100 Журналистика бакалавр бағдарының питкериўшиси

**Ережепов Батырдың**

**Интернет информацияларының инсан психологиясына тәсири** темасындағы питкериў қәнигелик жумысына

«___» балл қойылсын.

МАК баслығы: __________ Х.Дәўлетназаров

МАК орынбасары: __________ Қ. Турдыбаев

МАК ағзалары: __________ Д. Бекбаўлиев

__________ З.Оразымбетова

__________

# М А З М У Н Ы

**КИРИСИЎ**

**I БАП** ИНТЕРНЕТ – ГЛОБАЛЛАСЫЎ ДӘЎИРИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ҚУРАЛЫ СЫПАТЫНДА

**II БАП** ИНТЕРНЕТ ИНФОРМАЦИЯЛАРЫНЫҢ ИНСАН САНАСЫНА МАНИПУЛЯЦИЯЛЫҚ ТӘСИРИ

**III БАП** ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ҚӘЎИПЛЕРДЕН ИНСАННЫҢ ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ҚОРҒАНЫЎЫ

**ЖУЎМАҚ**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАРДЫҢ ДИЗИМИ**

# КИРИСИЎ

Ҳәзирги биз жасап турған информация әсиринде Интернеттиң турмысымыздағы тутатуғын орны айрықша болып табылады. Интернет тек ғана дүньядағы компьютер тармақларының ең ириси болып қалмастан, ал, ең әҳмийетли информация алмасыў дереги де болып табылады. Ол адамлардың информацияға болған талапларын қанаатландырып, көз – карасларын байытып, билим дәрежесин ҳәм түсиниклерин кеңейтип барады. Оның бул бағдардағы хызметлерин ҳеш нәрсе менен салыстырып болмайды. Усындай информация тараўындағы жеделлик ҳәм оперативлик бүгинги глобалласыў дәўирин алдынғы дәўирлерден бир қанша илгерлетип жеберди. Информация алыў, информация алмасыў, информациялық бирге ислесиў бағдарлары әдеўир өзгешеликке ийе болмақта. Глобалласыў процессиниң адамлардың, әсиресе жаслардың жасаў шәриятларын жақсылаўдағы, олардың узағын жақын етиўдеги орны әҳмийетли. Сонлықтан да Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Абдиғаниевич Каримов атап өткениндей: *«Глобалласыў қубылысы турмысымызға тезден ҳәм тереӊ кирип келип атырғаныныӊ негизги себеби туўралы сөз еткенимизде, соны айрықша тән алыўымыз керек – бүгинги күни ҳәр бир мәмлекеттиӊ раўажланыўы тек те жақын ҳәм узақ қоңсылар менен емес, ал жәҳән дәрежесиндеги басқа территория және континентлер менен ажыралмастай етип байланысып бармақта. Сонлықтан қандай да бир елдиӊ бул қубылыстан шетте турыўы унамлы нәтийжелерге алып келмеслигин түсиниў, аңлаў қыйын емес. Усы мәнисте, глобалласыў – бул дәслеп турмыс дәрежелериниӊ теңсиз*

*дәрежеде тезлесиўи демекдур».*[1]

Интернеттиң пайда болыўы ҳәм бизиң мәмлекетимизге де кирип келиўи, барлық тараўлардағы сыяқлы журналистика тараўында да бурын болмаған өзгерислерди алып келди. Гейпара әсиресе жас журналистлер, қәнигелер XXI информация әсири талабы тийкарында жаңа технологияларда жумыс ислеў көнликпелерин де бастан кеширмекте. Интернеттиң турмысқа кирип келиўи менен бир қатар газеталарда жаңаланыўлар пайда болды. Солай етип, ҳәзирги пайытта жәҳәнде ИНТЕРНЕТ информация тарқатыўшы ең тийкарғы қураллардың бирине айланып үлгерди. Әлбетте, дүньядағы барлық жақсы нәрселердиң, бир жаман тәрепи де болады. Сол сыяқлы интернеттиң де жәмийетимизге көп ғана пайдалы хызметлери менен бирге унамсыз тәсири де байқалады. Мәселен, Интернет төмендеги ўазыйпаларды атқарыўы мүмкин:

- Дүньяның қәлеген мүйешиндеги мәмлекетлерге электрон почта жибериў;
- Мыңлап километр узақта жайласқан компьютерде меншик компьютер сыяқлы ислетиў;
- Зат сатыў яки сатып алыў;
- Керекли мағлыўматларды алыў;
- Электрон баспаларды оқыў;
- Түрли атамадағы ушырысыўларға қатнасыў;
- Ҳүжжетлердиң нусқаларын ҳәм видеокөринислерди шығарып алыў ҳәм т.б.

Бунда саяхатлар жәми WWW арқалы әмелге асырылады. Сонлықтан да Интернетти *планета энцеклопедиясы* деп атаў мүмкин.

---

[1] Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас куч. Тошкент. «Маънавият», 2008. 111 б.

Ал, оның абзаллықлары ҳаққында айтатуғын болсақ: Биринщиден, арзан, оператив, техникалық жақтан материалларды жайластырыў қыйын емес, мағлыўматларды үлкен көлемде де орнатыў мүмкин. Екинщиден, оларды түрли тиллерге аўдарыў аңсат. Үшиншиден, информация шегара ҳәм узақлықты билмейди ҳәм т.б. Соған байланыслы Интернет журналистикасы да раўажланып атыр.

Ал, енди мәселениң екинши тәрепи де бар. Олар: қәлеген адамның қәлеген информация менен виртуал майданға тосықсыз кирип келиўи, террористик ҳәм порнографик мағлыўматлардың жүдә көплиги, косиополитик идеялар ҳәмде «универсал мәдeният»тың кең тарқалыўы, мәмлекет ролиның пәсейиўи, тармақ жәрдеминде демократик фундаментализмниң раўажланыўы ҳәм т.б.

Мине, усындай мәселелердиң пайда болыўы бираз машқалаларды келтирип шығармақта. Булар ҳаққында кең жәмийетишилик өзлериниң пикирлерин, көз – қарасларын билдирип келмекте. Тартыслы пикирлер де жоқ емес. Сонлықтан да, биз питкериў қәнигелик жумысымызды мине, усы бүгинги күн ушын актуаль болған мәселеге қараттық.

Жумыстың жаңалығы сонда, заманагөй ғалаба хабар қуралларының, информация тарқатыўшы қураллардың, байланыс қуралларының ўазыйпаларын теңдей атқарыўшы интернет системасының жәмийетшилигимиздиң сана – сезимине, ой – өрисине, психологиясына тәсири ҳаққында еле илимий бағдардағы изертлеў жумыслары жүргизилмеди. Сонлықтан да, усы тийкардағы бизиң бул мийнетимиз дәлепки жумыслардың қатарына киреди.

Питкериў қәнигелик жумысымыз тийкарғы үш баптан ибарат. Буған қосымша кирисиў, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизими де

кигизилген. Биринши бап: «Интернет глобалласыў дәуириниң тийкарғы қуралы» деп аталып, онда интернеттиң пайда болыўы, оның ўазыйпалары, қолайлықлары ҳәм абзаллықлары, глобалласыў ҳаққындағы түсиниклер баян етиледи ҳәм пикир жүритиледи.

Екинши бап: «Интернет информацияларының инсан санасына манипуляциялық тәсири» деп аталады. Онда биз Интернет сайтларында берилип атырған информациялар, олардың мазмунлық жақтан түрлери, формалары ҳәм көринислери ҳаққында тоқталамыз.

Үшинши бап: «Информациялық қәўиплерден инсанның өзин – өзи психологиялық қорғаўы» деп аталады. Онда ҳәр қыйлы бузғыншы идеялар ҳәм жат пикирлерден инсанның психологиялық жақтан өзин – өзи қорғаўы, усы бағдардағы теориялық түсиниклер, қорғаныў механизмлери ҳаққында айтылады.

Биз өзимиз таңланған теманы үйрениўде Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың[1] мийнетлеринен методикалық көрсетпе сыпатында пайдаландық. Журналистика бойынша илимий изертлеў жумысларын жүргизиўде, журналистика теориясы бойынша илимпазлардың мийнетлерине сүйенбеў мүмкин емес. Рус алымлары В.М.Горохов, В.И.Здоровьева, Е.П.Прохоров[2] ҳ.т.басқалардың теориялық изертлеўлери бизиң жумысымыз ушын илимий тийкар сыпатында хызмет атқарады.

Питкериў қәнигелик жумыстың илимий теориялық тийкарларын

[1] Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлидан. Тошкент: «Ўзбекистон», 1996. 4-том, 112-б.; Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. Тошкент: «Ўзбекистон», 1997. 5-том. 314 - 315 б.: Ватан равнақи учун ҳар биримиз маъсулмиз. Тошкент: «Ўзбекистон», 2001. 9-том,. 86 – 390 б.; Юксак маънавият енгилмас куч. Тошкент. «Маънавият», 2008.

[2] Горохов В.М. Основы журналистического мастерства. Москва. 1989.; Здоровьева В.И. Слово тоже есть дело. Минск. Наука, 1986.; Прохоров Е.П. Введение в теорию журналистики. Москва. МГУ, 2005.

Интернет ҳаққындағы, интернет журналистикасы бойынша қәнигелердиң мийнетлеринен, атап айтқанда рус алымларынан А.А.Калмыков, Л.А Кохановалардың[3], өзбек алымлары Д.Рашидованың[4], А.С.Марахимов, К.С.Рахмонқуловлардың[5] мийнетлериндеги илимий жуўмақларын итибарға алдық.

Питкериў қәнигелик жумысымыз соңында изертлеген темамыз бойынша өзимиздиң жуўмақларымызды келтирип, пикир-усынысларымызды бериўге ҳәрекет етемиз. Жумыс сонында пайдаланған әдебиятлар дизими орын алған. Жумыстың улыўма көлеми компьютер нусқасында 56 беттен ибарат.

---

[3] Калмыков А.А., Коханова Л.А. Интернет журналистика. Москва. Юнити, 2005.
[4] Рашидова Д.К. Интернет в Узбекистане: проблемы и возможности. Тошкент. УзМУ, 2003.; Интернет как источник журналистской информации.. ТашГУ, 1999. (Конспект лекций).; Информационные технологии и интерактивная Интернет журналистика. УзМУ, факультет журналистики, 2003.
[5] Марахимов А.С., Рахмонкулова К.С. Интернет ва ундан фойдаланиш асослари. Т., ТошДТУ, 2001.

# I БАП
# ИНТЕРНЕТ – ГЛОБАЛЛАСЫЎ ДӘЎИРИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ҚУРАЛЫ СЫПАТЫНДА

Президентимиз И.Каримов өзиниң «Юксак маънавият енгилмас куч» атамасындағы мийнетинде глобалласыў процессиниң пайдалы ҳәм зыянлы тәреплери жөнинде айрықша ҳәм кең түрде тоқталып өткен еди. Онда: *«Глобалласыў – булл ең әўеле турмыс дәрежелеримиздиң шексиз дәрежеде тезлесиўи»*[1] делинген.

Усындай глобалласыў пайытында жәмийетке, адамларға қандай информациялар жеткериў керек, қалайынша жәҳән мәлимлеме базарында орнымызды сақлап қалыўымыз мүмкин? Бунда ғалаба хабар қуралларының атқаратуғын ўазыйпалары қандай? Мине, усы сораўларға Президентимиз өз ўақтында жуўаплар берди, журналистлеримизди заманның нәпеси менен жасап мийнет етиўге шақырды. Себеби, елимиз ғәрезсизлиги журналистикамыздың раўажланыўына мүмкиншиликлер туўдырыўы менен бирге журналистлерге жаңаша жумыс ислеў усылларын да енгизип, жаңаша талаплар да қоймақта. Журтбасшымыз И.А.Каримов атап өткениндей, *«Сиясат ҳаққында айтқанда – сиясатшы, экономика ҳаққында айтқанда - экономист болып пикир жүргизиўди, руўхыйлық ҳәм агартыўшылық туўралы сөз еткенде ағартыўшы, турмыслық-философиялық машқалалар бойынша философ болып тартысқа түсиўди, мине, усындай жоқары қәбилет ҳәм шеберликке ийе болыўды турмыстың өзи журналистлеримиздиң алдына ең әҳмийетли ўазыйпа етип қоймақта».*[2]

Глобалласыўдың тезлесиўине биринши орында Интернет себепши

[1] Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас куч. Тошкент. «Маънвият», 2008, 111 бет.
[2] «Халқ сўзи» газетасы. 2002 жыл 27-июнь.

болып отыр. Буны барлық қәнигелер менен алымлар мойынлап атыр. Санларға итибар қаратсақ, жәҳәнде 1999-жылдың ақырларында Интернеттен пайдаланыўшылардың 88 % ы раўажланған мәмлекетлерде жасаған. Бул дүнья халқының 15% ын қурайды. АҚШ ҳәм Канада халқы жер жүзи халқының 5% ын қурайды. Усы 5% халық дүнья бойынша улыўма Интернеттен пайдаланыўшылардың 50 % ын пайда еткен.

Демек, глобалласыўға, дүньялық процесслердиң тезлесиўине, информация тараўының жеделлесиўине интернет түртки болып атыр екен, ең дәслеп интернет тармағының пайда болыў тарийхына азғана тоқталап өтсек.

Интернеттиң пайда болыўына түртки болған нәрсени алымлар өткен Кеңес ҳүкимети дәўиринде инсанның биринши рет космосқа пәрўаз етиўи менен байланыстырады[1]. Себеби, бул пәрўаз америкалыларды тәшўишке салған. Олар атом бомбасы ҳүжимин нәзерде тутып, жаңа қорғаныў қуралын ойлап табыўды күшейтиў ҳаққында бас қатырыўға мәжбүр болады. Бул ҳаққында: *«1957 – жылы Жердиң жасалма жолдасы орбитаға шығарылғаннан кейин, АҚШ мәмлекети үлкен тәшўишке түседи. Себеби, мәмлекеттиң информация сақлаў барысында исемли системаға ийе болыў зәрүрлиги пайда болған еди»* - деп жазылған Википедия он–лайн мағлыўматнамасында. Енди АҚШтың алдыңғы илимий жойбарлары агентлиги буның ушын компьютерлер аралық тармақты жаратыўды усыныс етеди. Усы тармақ үстинде ислеўди мәмлекеттиң ең ири төрт университетине тапсырылады[2]. Солай етип ең дәслепки компьютерлер тармағы – «Арпанет» (ARPANET – буның мәниси *алдыңғы илимий изертлеў жойбарлары агентлиги тармағы*)

---

[1] Бегматов Б. Интернет: ривожланиш босқишлари ва замонавий таъсирлар. Интернет мақола. www.UzScinet.ru. Сайты.
[2] Сонда.

жүзеге келеди. Анығырағы 1969 – жылы Американың ең ири төрт илимий шөлкеми, яғный төрт университети (булар: Лос–Анжелестеги Калифорния университети, Стэндфорд илимий – изертлеў орайы, Юта штаты университети ҳәм Калифорния штатының Санта–Барбара қаласындағы университетлер еди) өзлериниң компьютерлерин бир тармаққа жалғайды ҳәм мағлыўматлар алмасады. Бул жойбардың барлық қәрежетлери АҚШ тың финанс министрлиги тәрепинен қапланады.

Интернеттиң пайда болыўы ҳәр түрли илимий орайлардың жумысларын координациялаў, информация алмасыў, өз-ара қарым-қатнас орнатыў ушын исенимли  ҳәм турақлы ислейтуғын тармақтың зәрүрлиги менен де байланыслы еди. Бул системада тармақтың бир «буўыны» истен шықса (мәселен ядро ҳүжими тәсиринде) басқа бөлимлердиң зыян көрмеслиги, өзлериниң жумысларын даўам еттириўи жобаластырылған еди. Сол сыяқлы инфомацияларды сақлаў ҳәм байланыста болыўдың әскерий қуралы сыпатында пайда болған Интернет, 1972 – жылға келип, жоқары оқыў системаларында кең түрде қолланыла баслады. АҚШтың 50 университети ҳәм илимий изертлеў орайлары жаңа тармаққа жалғанып, илимий мағлыўматларды алмасыўда оннан өнимли пайдаланатуғын болды. 1983 – жылға келип, Интернет жәмийетлик байланыс қуралына айланып, оның көлеми бираз кеңейип барды.

Еки қүдиретли мәмлекеттиң ортасында «қуралланыўда бәйги» сыпатында, «қуралланыў жарысы» нәтийжесинде пайда болған Интернет XXI әсирге келип, ҳәттеки атом бомбасынан да қорқынышлы ҳәм қәўипли, басқарылыўы қыйын болған күшке айланды[1]. Бүгинги күнде Интернеттен ўақтыхошлық усылы, почта хызметлери, ҳәр түрли күшлердиң өз мәплери

---

[1] Богомолова Н.Н. Социальная психология печати, радио, телевидения и интернета. М.: МГУ, 1991.

ушын гүресиндеги қуралы сыпатында да пайдаланылмақта. Олар туўдырып атырған қәўиплер бир адамның ямаса бир мәмлекеттиң ғана емес, ал, пүткил жер шарының тәғдирине, келешегине қәўип салмақта. Интернет арқалы ҳәр қандай мағлыўмат санаўлы секундлерда пүткил жер шарына әшкара етилмекте. Бүгинги күнде 220 вт. электр қуўаты, жеке компьютери ҳәм Интернет тармағына ийе болған адам көп нәрсени өзиниң бөлмесинен шықпай турып – ақ билип алыўы, ўазыйпаларды орынлаўы мүмкин.

Ал, енди усындай заманагөй оператив техниканың инсаныйат ушын кери тәсирлерин ойлап қарасақ, айрым адамлар оны «атом қуралы»на, базылар «информация урысы қуралы»на мегзетеди. Себеби, инсанлардың мәденияты ҳәм қәдириятларына зыян жеткизетуғын аудио–визуал ҳәм контент мағлыўматлардың тарқалыўы, мәселен, зорлық, порнография, педофилия сахналарының тарқалыўы кескин шара ҳәм иләжлар көриўди талап етеди. Усындай унамсыз ҳәрекетлер көп хызметти атқарыўшы Интернетти «өзине тән таслaндыхана», «басқарып болмайтуғын информация майданы», «дезинформация», «өтирик ҳәм өсеклер» дерегине айландырып тасламақта. Сонлықтан да, оннан тек ғана инсаныйаттың пайдасы ушын, дурыс пайдаланыўды үйрениўди, информациялық мәдениятты қәлиплестириўди дәўир талап етеди.

Әлбетте, ҳуқықый бақлаў, әдеп – икрамлылық қағыйдаларына бойысынбаў ҳәрекетлери Интернетти әззилендиреди. Бундай кемшиликлер Интернеттиң абзаллықларын ҳәм қолайлылықларын екинши дәрежеге түсип жибереди[1].

Бизиңше, халық – аралық шөлкемлер бул машқалалардың шешимин

---

[1] Бегматоа Б. Интернет: ривожланиш босқишлари ва замонавий таъсирлар. Интернет мақола.

табыўы керек. Дүньяның жетекши мәмлекетлериниң бул бағдардағы ҳәрекетлерин бирлестирген ҳалда Интернеттиң жумыс ислеў тәртибиниң ҳуқықый тийкарларын ҳәм нормаларын ислеп шығыў мақсетке муўапық. Усы тийкарда руўхый зыян жеткизиў, әдеп–икрамлылық қағыйдаларының бузылыўы ҳәм информация коммуникация барысындағы басқа да тәртипсизликлер ушын жуўапкерлик иләжларын белгилеп алыў айрықша әҳмийетке ийе. Сонда ғана Интернеттиң унамсыз тәсирлери кемейеди, тийкарғы итибар оның пайдалы тәреплерине қаратылады.

Ал, енди Глобалласыў дегенимиз не? Не ушын ол XXI әсир басына келип күшейип бармақта? – деген және бир орынлы сораў пайда болады. Бул бойынша Президентимиз И.Каримов жүдә инабатлы, мазмунлы жуўаплар берген: *«Глобалласыў қубылысының және бир өзине тән тәрепи соннан ибарат, ҳәзирги жағдайда ол идеологиялық тәсир өткериўдиң ең өткир қуралына айланып, ҳәр қыйлы сиясий күшлер ҳәм орайлардың мәплерине хызмет етип атырғаны саламат пикирлейтуғын ҳәр бир адам, әлбетте, сезиниўи лазым.»*[1]

Ҳәзирги заман илимий орталықта глобалласыў бойынша бәсекелесиўлер жүрип атыр. Тарийхтан мәлим, XX әсирде глобалласыў қубылысының көпшилиги сиясий – экономикалық ҳәм мәдений тараўлары бойынша жетекши халық – аралық күшлер, саўда, телекоммуникациялар, информация технологиялары ҳәм өнимлер (миллий өнимлер), тийкарынан, АҚШ тәрепинен ислеп шығарылған.

Глобалласыў процесси ғалаба хабар қуралларының ҳәм Интернеттиң тезлик пенен раўажланыўы және миллий ҳәм белгили мәмлекет қабығынан шығып кеңейиўине алып келди. Глобалласыў ҳәм ғалаба хабар қураллары

---

[1] Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас куч. Тошкент. «Маънвият», 2008. 113 бет.

бирлесиўи нәтижесинде информация ҳәм реаллықтың “мәкансызлық” жағдайы пайда болды.

Биз жасап атырған әсир информация әсири деп аталады. Дәслеп индустриал, соң постиндустриялықлық жәмийетке өткен адамзат бүгин информациялық жәмийетке өткенин де бийкарлап болмайды. XXI әсир – бул информация цивилизациясы әсири. Демек, солай екен, бул журналистика тараўы хызметиниң жуўапкершилигине бурынғыдан да бетер көбирек талап ҳәм ўазыйпалар жүклейди.

Заманагөй техника қуралы болған компьютер, техникалық усыл болған Интернет материалларынан пайдаланыў бүгинги күни Өзбекстанның ҳәм Қарақалпақстанның барлық ғалаба хабар қуралларына енди енисип киятырған дәстүр. Шынлықты айтқан мақул, компьютер ҳәм Интернет бул дәўир талабындағы қураллар болғаны менен оған жетисе алмай атырған редакциялар еле баршылық. Буларды шешиў бойынша елимизде ғалаба хабар қуралларын қоллап қуўатлаўшы миллий фонд бар. Ол Интернет журналистикасы бойынша елимиз журналистикасын раўажландырыўға айрықша үлес қосып келмекте. Бул фонд Президентимиз басламасы менен дүзилген еди.

Бүгинги күни Интернеттиң ең баслы сыпатларының бири ол қарым-қатнастың әжайып қуралы болып есапланады. Оны үйрениў, оннан пайдаланыў дәўир талабындағы мәселелердиң бири.

Ғәрезсиз Өзбекстанда бундай ийгиликли ислерге унамлы қатнаслар жасалмақта. Глобалласыў шәриятында буған итибарды қаратпаў ҳасла мүмкин емес. Сонлықтан Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң *«2001 – 2005 - жыллары компьютер ҳәм хабар технологияларын раўажландырыў, Интернеттиң халық – аралық*

*майданға кең кирип барыўын тәмийинлеў дәстүрин ислеп шығарыўды шөлкемлестириўдың илажлары ҳаққында»* ғы Қарары қабыл етилди.

Глобалласыў шараятында компьютер, Интернет сыяқлы хабарларды, жаңалықларды, мағлыўматларды оператив ҳәм қысқа және тез жеткериў ушын жәҳән журналистикасына, әсиресе, қарақлпақ журналистикасына мине, усындай техника зәрүр еди. Өйткени жасыратуғыны жоқ қарақалпақ журналистикасы дүнья жаңалықларын, жәҳән хабарларын тез ҳәм оператив жәриялаўда еле салыстырмалы рәўиште артта қалған. Буннан бир ҳәпте, бир ай яки еки ай бурын болып өткен дүнья ўақыяларын, жағдайларды ҳәм де ҳәдийселерди басқа басылымлардан жыйнап терип, қайта ислеп ямаса аўдарып жәриялаўды үрдис еткен еди. Бул жерде көпшилик техникалық үскенелерди сылтаў етеди. Негизинде жоқары технологиялық үскенелер тәмийинленген орынларда да журналистлер бурынғы стильде жумыс ислеп атырғанын мойынлаўымыз керек. Себеби, бурынғы стильде таярланған бундай материаллардың аудитория ушын қандай әҳмийети болыўы мүмкин**?** Қала берсе ўақты өткен дүнья жаңалықларын «соңғы хабарлар» рубрикасында бериўи қарақалпақ журналистикасының абыройын түсиреди. Буған әлбетте, жетерли дәрежеде себеплер, дәлиллер табылады.

Қарақалпақстан ғалаба хабар қуралларының информация, хабар таратыў бойынша ең тийкарғы кемшиликлери усылардан ибарат еди. Усы кемшилик бүгинги күни Интернет тармағының жәрдеминде сапластырылып атыр. Интернет журналистикасы бойынша журналистлердиң билим дәрежелери жетерли емес. Олар өзлери усы каналда жумыс ислеў арқалы аудитория дыққатын да тарта алады.

Интернет биймәлел ғалаба хабар қураллары сыпатында тән алынады,

себеби, үйде отырып компьютер алдында, жәҳәңниң барлық орынларындағы газета – журналлары менен китапларын оқыўға болады. Интернетти тек те ғалаба хабар қураллары деп есаплаў да дурыслыққа алып келмейди. Себеби, ол ҳәзирги пайытта турмыстың дерлик барлық саласында қолланылады.

Интернеттиң ғалаба хабар қураллары қатарына кирип келиўи журналистика тараўының кеңейиўине үлкен қәдем болды. Әсиресе, ол ғалаба хабар қураллары тараўында еки үлкен өзгерис жасады. Биріншиси, дүнья бойлап мәлимлеме айланысын тезлестирди, яғный белгили бир секундлар ишинде жәҳәнниң қәлеген орнына информация жеткереди. Екиншиси, Интернет аудитория менен қарым – қатнаста болыў шеклеўлерди кемейттирди.

Демек бүгинги күни Интернет ғалаба хабар қураллары сыпатында өзиниң әмелий көринисип таппақта.

Солай етип, глобалласыў процессиниң тезлесиўинде интернеттиң роли айрықша екен, «Глобалласыў» түсинигине және қайтамыз ҳәм оның әҳмийетине тоқтап өткен дурыс болады. Егер сөзликлерге исенетуғын болсақ, «Глобалласыў» – “глоуб” (инглиз тилинен «globe», яғный жер шары), «глобал» («global», яғный пүткил дүньяға тийисли) ҳәм «глобалласыў» (“globalize”, яғный пүткил дүньяға тарқалыўы) сөзлеринен келип шыққан[1]. Бул терминди биринши болып экономика тараўының алымлары қолланған. Яғный бул терминди олар биринширлерден болып 1981–жылы пайдаланған ҳам соннан берли кең қолланыўда. Бирақ, бул сөздиң толық мәниси, яғный концепциясы 1990–жылдың ярымында Америкалы алым Чарлз Таз Рассел тәрепинен толық ашып берилген.

[1] Collins English . Dictionary, London. 1998. 652.

Глобалласыў термининиң – сөзликлердеги мәниси ХАЛЫҚ – АРАЛЫҚ ИНТЕГРЦИЯ, яғный пүткил дүнья халықларының бир жәмийетлик дүзим астына бирлесиўи, бир қыйлы ўазыйпаны атқарыўы процесси түсиниледи[2]. Демек, дүнья глобалласып алымлар тили менен айтқанымызда «кишкене бир аўылға» айланбақта. Усындай бир шараятта информацияның шегерасын белгилеў кыйын болады. Улыўма алғанда, «Глобаль әсирдиң» пайда болыўында Европа ямаса Батыс цивилизациясы тийкарғы орталық болып хызмет еткен болса да, оның мәканы енди пүткил жер шарын болып есапланады.

Глобалласыў пайытында ғалаба хабар қуралларының жаңаша усылда жумыс ислеўи дәўир талабынан келип шығады. Солай да интернет арқалы тарқалып атырған информациялар ҳәм мағлыўматлар жәмийетшиликтиң турмыс тәризине, инсанлардың психологиясына тәсири ҳаққында пикир жүритиў, оларды анализ етиў ўақты келди. Сонлықтан да, биз питкериў қәнигелик жумысымыздың келеси бапларында усы мәселелерге тоқталып, кең түрде сөз етпекшимиз.

[2] Уткин А.И. Глобализация: процесс и осмысление. М., 2001.

# II БАП

## ИНТЕРНЕТ ИНФОРМАЦИЯЛАРЫНЫҢ ИНСАН САНАСЫНА МАНИПУЛЯЦИЯЛЫҚ ТӘСИРИ

Бизге белгили дерлик ҳәр күни миллионлап адамлар Интернетти ҳәр қыйлы мақсетлерде пайдаланады. Оннан мағлыўматлар алады, хат жазысады, хабарлар, информациялар алмасады, ойынлар ойнайды ямаса кино ҳәм видеофильлер тамаша етеди ҳәм т.б. Ең жақсы тәрепи сонда ол аралықты ҳәм шегараны билмейди. Дүньяның қәлеген мүйешинде жасап ямаса оқып атырған достың менен биймәлел сөйлесиўиң, фотосүўретлер алысыўың мүмкин. Бирақ қорқынышлысы, Интернетке қәлеген адам, қәлеген ўақытта өзиниң информациясын жайластырыўы, кең жәмийетшиликке тарқатыўы мүмкин. Ең қәўетерлиси бундай информациялар инсанлардың, әсиресе жаслардың психологиясына унамсыз тәсир көрсетип, оны манипуляция қылыўы мүмкин.

Хош, манипуляция дегенниң өзи не? Ол инсанға қандай тәсир етеди. Ямаса қандай ўазыйпаларды орынлайды? Деген орынлы сораў туўыўы мүмкин. Сонлықтан да, биз, пикиримизди усы сораўға жуўап бериў менен басласақ.

**Манипуляция** – сөзиниң өзи латын тилинен алынған болып, оның еки турли мәниси бар. Биринשиси: (manus – қол, ple – толтырыў деген мәнилерин береди) яғный, бизиңше *«қымымлаў», «қосўыслаў» (уўыс, қысым)* мәнилерине туўра келеди. Екиншиси: (manus + pl = түбирдиң, тамырдың ең әззи буўыны) *ең әззи, ең киши топар ямаса дүркин* мәнилерине туўра келеди[1]. Бирақ, Оксфорд сөзлигинде оның аўыспалы *«адамларға тәсир етиўдиң ямаса оларды басқарыўдың ең епшиллик пенен,*

[1] Грачев Г.В., Мельник И.К. Манипулирование личностью: организация, способы и технологии информационно-психологического воздействия. М.: ИФ РАН, 1999. С. 34.

*әсиресе, оларды менсинбестен (көзге илместен) жасырын жоллар менен басқарыў яки болмаса таярлаў»* - деген мәниси берилген. Мине, ҳәзирги ўақытта «манипуляция» термини көбирек усы түсиник пенен жәмийетлик – сиясий көринисине ийе болып бармақта. Демек, бул терминниң анық бир сөз бенен беретуғын түсиниги жоқ. Ҳәзирги ўақытта бул инсанларға психологиялық тәсир етиўдиң бир усылы деп қабыл етсек болады. Бунда қандайда бир информацияны, мағлыўматты яки болмаса хабарды (мейли ол жалған, өтирик - өсектен ибарат болағойсын) қайта – қайта тәкирарлаў арқалы инсанларды оған исендириў. Оларды шалғытыў ямаса алжастырыў.

Интернеттиң жүзеге келиўи манипуляциялық тәсир етиўди және де жеделлестирди ҳәм тезлестирди. Булар ҳаққында дүнья халықларының белгили алымлары, психологлары өзлериниң пикпрлерин, көз-карасларын билдирип атыр[1]. Информациялардың инсанлар психологиясына манипуляциялық тәсир ҳаққындағы пикирлерди үйренип шығыў, анализ етиў арқалы, биз оларды айрым топарларға: мазмуны бойынша, формасы бойынша, көриниси бойынша ямаса тәсир етиў шеңбери бойынша деп ажыратыўымыз мүмкин.

Ҳәзир Интернет ҳәмме ушын пайдаланылыўы мүмкин болған оператив коммуникация қуралы. Онда ҳақыйқый фактке тийкарланған информациялар да, жалған мағлыўматлар бериўши информациялар да баршылық. Мысалы ушын ҳәзирги ўақытта интернет тармағы – ең нәтийжели, абырайлы ҳәм ең келешеги уллы реклама майданшасы болып, басқа реклама қуралларына қарағанда үлкен артықмашылықларға ийе. Онда сайт ийесиниң ҳәм соның ишинде веб – дүканның бас ўазыйпасы –

---

[1] Ермаков Ю.А. Манипуляция личностью: Смысл, приемы, последствия. — Екатеринбург, 1995.

бул майданшаны көбирек коммерциялық пайда көриўге пайдаланыўдан ибарат. Бирақ, олардың ҳақыйқый сыпаты ҳәм сапасы ҳаққында кепиллик жоқ. Демек, рекламаларды ең әпиўайы манипуляция формасы деп қараў мүмкин.

Интернетте жеткиликли дәрежеде көплеген сандағы каталоглар ҳәм рейтинглер болып, оларға белгили тематикада ғана ресурслар жайластырылады (мәселен, қурылыс сайтлары, автомобиль сайтлары каталоглары). Бундай каталоглар қосымша мақсетли дереклер яғный қызықтырған товарлар, хызметлер ямаса информациялар деп аталады.

Тематикалық ҳәм жаңалық ресурслары бойынша статьяларды, пресс-релизлерди ҳәм жаңалық блокларын жайластырыў сизиң сайтыңызға келиўшилер ушын қосымша дерек болып ғана қоймастан, имидж жаратыўда нәтийжели қурал да болып есапланады. Өйткени, интернет-информация бул оғада қуўатлы тәсир жасаўшы PR майданшасы болып, информация каналлары арасында ең жоқары исеним индекслериниң бирине ийе. Соның менен бирге интернет басқа да ғалаба хабар қураллары ушын информация дереги де болып есапланады. Интернетке реклама бериўдиң және бир айрықшалығы сонда, ол еки басқыштан ибарат. Биринشиси – тийкарғы информациялық – рекламалық тасыўшы яғный веб ресурс (сайт, портал, Интернет-дүкан) жаратыў. Екинши басқыш – усы ресурсларға пайдаланыўшылардың дыққатын қаратыў. Соның ушын да екинши басқышты, әдетте, интернет – реклама деп атайды.

Қарақалпақстан Интернет орталығында реклама бериў жақсы жолға қойыў менен басланды. Мәселен, www. Nukus.net сайтында рекламаларға кең орын берилди. Бунда тек те рекламалар берилип қалмастан аудиторияны өзине тартыў ушын информациялар да берилди. Себеби,

информациялар сайтқа кириўшилерге пайдалы. Нәтийжеде бир оқ пенен еки қоян атыў процессии бақланады. (1-сүўретке қараңыз).

Қарақалпақстанда Интернеттен жеке адамлардан бурын шөлкемлер өзлериниң сайтларын ашты. Тек те шөлкем ҳаққында емес, ал улыўма Қарақалпақстан туўралы көп мағлыўматлар жеткерип отырған. Усындай сайтлардың бири Қарақалпақстан Республикасындағы Кореец халқының мәдений орайы тәрепинен шөлкемлестирилген. Онда корец халқының миллийликлери, дәстүрлери, Қарақалпақстан туўралы, республикадағы жаңалықлар да турақлы берилип барылған.

Интернеттен пайдаланыўшы жеке адамлар да өзлериниң блокларын жаратпақта. Әсиресе, олардың ишинде алымлар көбирек көзге түспекте. Айтайық, профессор Б.Абдикамаловтың, профессор Людмила Борисовна Хванның блокларын айтып өтиў орынлы. Оларда қарақалпақ және корец халыкларының тарийхы, миллий үрп-әдетлери жөнинде көп мағлыўматлар берилген.

Сондай-ақ, Қарақалпақстан бойынша форумлар шөлкемлестирилген. Онда Қарақалпақстан бойынша пикир таласлар болып турады. Қәлеген адам өзиниң пикирлерин билдириў имканиятына ийе. Бизнес тараўы бойынша да дәслепки пайдаланыўшылар өзлериниң үлеслерин қосып киятыр. Мәселен, Савицский атындағы Нөкис көркем өнер музейиның арнаўлы сайтында музей ҳаққында, Қарақалпақстан ҳаққында маглыўматларды гезлестириўге болады.

Деген менен гейпара блогларды, яки сайтларды Интернеттеги ғалаба хабар қураллары деп атап өтиў қыйын. Оларда мағлыўматлар берилгени менен олардың қаншелли дәрежеде шын екенлигин яки дурыс екенлиги мәлим емес. Интернеттиң Қарақалпақстандағы раўажланыў тенденциялары

усылайынша көринис тапқанының гүўасы болдық.

Усы сыяқлы информацияларды қәлеген интернет сайтынан көриў мүмкин. Әсиресе, жасларды оқыўға шақырыў, дәраматлы жумысқа шақырыў яки болмаса шет еллерге барып бирге ислесиў мазмунындағы информациялардың санын есаплап шығыў қыйын. Олардан инсанлар, әсиресе, жаслар көпшилик ўақытларда алданып, қыйыншылықларға дус болып атырғанлары да жоқ емес. Жақында Қазақстан газеталарының биринде бир мақала жәрияланды. Онда интернеттен информация алған жас жигиттиң аянышлы тәғдири ҳаққында сөз етилген. Шет елге дәраматлы жумысқа шақырған реклама – информацияға көзи түскен жигит, оған исенеди ҳәм олар менен байланыс орнатып, белгиленген мәнзилге барады. Бир қанша ўақыт өтпестен – ақ өзиниң қақпанға түсенин, сатылғанын түсинип жетеди. Бирақ, енди арқаға жол жоқ. Жигит «Олар»дың таяр олжасына айланады ҳәм айтылған тапсырмаларды орынлаўдан басқа шарасы қалмайды. Көп ўақытлар даўамында «олар»дың қысымында, зулымлығында жасаўға мүжбүр болған жигит, қолайлы пурсат таўып, қашыўға ҳәм ҳуқық қорғаў шөлкеми хызметкерлериниң жәрдеми менен елине қайтыўға ериседи. Мине, бул бүгинги күнниң ҳақыйқый турмыс көринисинен алып жазылған газета мақаласы. Бир ғана жалған интернет – информациясының инсан басына салған ғаўғасы, машқаласы.

Әлбетте, бүгинги күни бундай информацияларды оғада көплеп ушыратыўымыз мүмкин. Ал, олардан инсанлардың, әсиресе, жаслардың сақланыўы, биринши гезекте өзлериниң психологиясына, дүнья қарасына ҳәм информациядан орынлы пайдаланыў мәдениятына байланыслы. Сонлықтан да кейинги жыллары информациялық мәденият түсиниги пайда болды.

Демек, **Информациялық мәдeният –** дегенимиз не?

**Информациялық мәдeният –** дегенимиз техника – технология ҳәм жәмийетлик – мәдений түсиниклерине ийе. **Техника-технология тәрепинен** алып қарағанда информация мәденияты информацияны алыў, қайта ислеў, сақлаў ҳәм жеткерип бериўге хызмет қылатуғын информациялық техника қураллары ҳәм олардан ақыллылық пенен пайдаланыў усыллары ҳаққындағы билимлер системасын аңлатады.

**Жәмийетлик-мәдений мәнисинде** информация мәденияты инсанның бар болған мәдений ақылый, сиясий, ҳуқуқий ҳәм эстетик қәдириятларын өзлестирген ҳалда информация майданында турмыслық ҳәрекет етиўин аңлатады. Яғный информация дүньясынан жәмийетлик раўажланыўға хызмет қылыўшы мағлыўматларды танлап алыў барысындағы билимлер, уқып ҳәм тәжирийбени өзинде сәўлелендириў.

Информацияласыў процесси жәмийетттеги экономикалық ҳәм де жәмийетлик - мәдений өзгерислерге тиккелей тәсир көрсетеди. Батыс социологларының пикирлерине қарағанда, информацияласқан жәмийет <u>техника тараўында</u> - ислеп шығарыў, экономика, тәлим ҳәм социаллық өмирге информация технологияларының кеңнен ен жайыўы; экономикалық турмыста-информацияның товарға айланыўы; жәмийетлик турмыста-информация турмыс, өмир дәрежеси өзгериўинин тийкарғы усылына айланыўы; <u>сиясий тараўда</u> - кең көлемде пикир алмасыўына шараят жаратыўшы ҳәр түрли информацияларды еркин түрде алыўына жол ашып берилиўи; <u>мәдeният тараўында</u> - информация алмасыўы дәўир зәрүрликлерине жуўап беретуғын нормалар ҳәм қәдириятлардың қәлиплесиўи менен сыпатланады.

Интернет баслым ғалаба хабар қуралларының ең зәрүр тармағына

айланып бармақта. Интернет пайдаланыўшылары оның бир кеўил ашар ойын емеслигин, интернеттиң имканиятлары дәрежесинде жүдә үлкен нәтийжелерге ерисиў мүмкинлигин, сондай – ақ, оның турмысымызды өзгертиўши фактор екенлигин аңлап жетпекте. Интернет буннан жигирма жыл бурын қол жетпес қыялдай болып көринген еди. Ол ўақытлары интернеттиң имканиятлары буншели қурамалыққа ийе емес еди. Бүгинги күнге келип интернет ең үлкен информация дерегине айланды. Интернет өз ишине барлық ғалаба хабар қуралларын, атап айтқанда, радио, телевидие, баспасөз, почта, телефон, китапханалар, техникалық ҳәм финанслық хабарлар ҳәм басқалар интернеттиң қоллайлылық тәрепин оның мағлыўматлар базасынан қәлеген мағлыўматты тез излеў ҳәм табыў, хабарды қолға киритиў имканияты есапланады. Интернет телекомпаниясы менен ислеў тез қолай ҳәм қызықлы болып табылады.

Ҳәзирги ўақытта дерлик барлық тараўлардың раўажланыўы күнделик мағлыўматлар айланмасы менен бир-бирине байланыслы. Дүньяда ҳәзир көплеген ўақыялар жүз берип атыр. Олар ең дәслеп интернет арқалы жәмийетшиликке тарқалмақта. Интернет информацияларының басқа ғалаба хабар қуралларындағы информациялардан өзгешелик тәрепи сонда, ол болған ўақыя, ҳәдийсе ҳәм қубылыслар ҳаққында мағлыўматларды оператив түрде жеткизе алады. Және де оған ким қәлай қәлесе солай комментерий бериўи, өзиниң көз – карасларын өз түсинигинен келип шығып билдириўи мүмкин. Мейли, ол натуўры ямаса қәте информация болағойсын. Мине, усы тәреплериен алып қарағанда оның инсан психологиясына манипуляциялық тәсири басым. Бирақ, қәўипли тәрепи, усы информациялардан жәмийет ағзалары «азықланады», «билим алады» ҳәм усы тәжрийбелер тийкарында өзи жасап турған әтирапқа тәсирин

өткизеди.

Илимпазлардың пикиринше, егерде қандайда бир шаў- шуўлы ўақыя жүз беретуғын болса, адамлар ол ҳаққында биринши нәўбетте интернеттен мағлыўмат излейди екен. Мәселен, 2001 жыл 11 сентябрдеги терроршылық 2002 жыл 23 октябрдеги «Норд Осд», ҒМДА да Өзбекстандағы 2005 жыл 12 май күнги «Андижан ўақыялары» нан кейин интернет пайдаланыўшылардың саны пик дәрежесине жеткен. Буған себеп интернеттиң оперативлиги ҳәм мағлыўмат узатыўда ўақыт таңламаслығы болып табылады.

Интернет континенти жүдә бай ҳәм бул оқыўшылар ушын таңлаў имканияты шексиз екенлигин билдиреди. Соның ушын қағаз газеталардан парықлы рәўиште, интернетте жаңалықлар илажы барынша оқыўшылардың оқыўы ушын қолай, излеген мағлыўматларды табыўы ушын аңсат тәризде берилиўине итибар қаратылады. Мәселен, жаңалықлар бағдары ҳәм мазмуны тәрептен жүдә көп болғанлығы ушын оқыўшылар олардың ҳәммесин оқып отырыўға физикалық жақтан үлгере алмайды. Солай екен, жаңалықлар веб бетлеринде пайдаланыўшылар ушын қолай болыўын итибарға алған ҳалда өз бағдарлары бойынша ажратылып бериледи. Яғный, олар сиясий, экономикалық, мәдений, спорт, ҳәм тағы басқалар болыўы мүмкин.

Интернет ушын жазылған информация, газета яки радиода берилетуғын хабарлардан дерлик парық қылмайды, бирақ онда информация берилип атырған ўақыя ҳәдийсениң ўақтында жүз берип атырғанлығыны ҳәм оқыўшыға жетип барыў ўақтын есапқа алыў керек болады. Соның ушын интернетте басып шығарылған ҳәр бир информацияның астында, хабар узатылған ўақыт (сәне ҳәм саат)

көрсетилиўи шәрт. Себеби, егер бул хабардың интернетте узақ ўақыт сақланатуғынын есапқа алатуғын болсақ, усыған уқсас басқа ўақыя ҳаққында мағлыўмат излеген интернет пайдаланыўшыны алжастырыўы мумкин. Қағаз газетада болса ҳәр бир санның шыққан сәнеси бериледи.

Интернет ушын информацияны таярлаўда, оның дүзилисин (формасын) дүзиў керек, яғный өткен дәўирлерден берли қолланылып киятырған универсал усыллардан пайдаланылады: қашан, қай жерде, не болды ҳәм қандай жүз берди? Жазылған информация, мине, усы сораўларға жуўап берсе аңсат оқыўшылардың итибарын қаратыўы мүмкин. Егер интернетте берилип атырған хабардағы ўақыяға жәнеде көбирек тәрийип берилетуғын болса, хабар керисинше пирамида (▼) дүзилисине келеди. Басқа бөлиминде ўақыя ҳаққында қысқа ҳәм ықшам тийкарғы информация бериледи. Хабардың бул бөлеги батыс журналистикасында «лид» (lead) деп аталады, яғный «баслаўшы» дегени. Бирақ, биринши гәп қысқартылмастан ўақыя ҳаққында толық мағлыўматты бере алыўы керек. Базыда буның илажы болмаўы мүмкин, ондай жағдайда биринши гәп ўақыяны анық суўретлей алатуғын дәрежеде болыўы керек. Екинши бөлиминде болса ўақыя көлемлирек берилиўи керек. Бул бөлими илажы барынша оқыўшыны бир қарасда өзине тартыўы ҳәм оны қалған бөлимлерине оқыўға қызықтырыўы керек. Хабар жазыўы ушын усы еки бөлим дүзилисинде барлық әҳмийетли нәрселерди киритиў мумкин, бирақ оған тийкарғы факт ушинши бөлимде бериледи. Бул бөлимде жуўмақлаў яки болжаўларды да қосыў мүмкин.

Интернетте хабарлардың жүдә көплиги себепли, тийкарынан, веб-сайтларында тек ғана олардың басқа бөлими бериледи, кейинги бөлимлеринде болса гипертекст арқалы жалғаў берилип қойылады. Буннан

тийкарғы мақсет, көбирек мағлыўматларды сайтларға жайластырыў ҳәм оқыўшылардың итибарын қаратыў болып табылады. Айырым жағдайларда оншелли сенсациялық болмаған хабарларға олардың тек ғана рубрикаларын көрсетип қойыў арқалы да оқыўшыларды өзине қаратыў мумкин. Мәселен, белгили актёр Джеки Чан киноға тусип атырған ўақтында қатты жығылып түскени ҳаққында хабарды «Джеки Чан аяғын сындырдыма?» деп аталыўы мумкин яки усыған уқсас басқа көринисте болыўы мумкин.

Журналистика тәжрийбесинде хабар яки басқа информацияларды жазыўда белгили қағыйдалар бар. Бул нәрсе интернет пайда болмастан алдын пайда болған болса да Интернет ушын толығынша ислетиў мақсетке муўапық болады.

Интернетте жүдә кешиккен хабарлар максимум бир күннен кейин берилиўи мүмкин. Хабарда сөз етилетуғын ўақыяның анықлығы ҳәм әпиўайылығыда жүдә әҳмийетли. Сондай-ақ, автор хабар таярлап атырғанда оның оқыўшылары ким болыўы екенлигин (мәселен, жаслар, спортшылар, абитурентлер ҳ.т.б) де итибарға алыўы материалдың сапалы шығыўына тәсир етеди. Материалда басқа сайтлар яки қағаз газеталардан пайдаланылған мағлыўматлар болса, олардың атлары хабар ишинде яки төменинде келтирилиўи шәрт.

Сүўретлер тийкарынан текстте берилген жаңалықларға қосымша сыпатында бериледи (жоқарыдағы мысалға қараң), бирақ айырым Интернет сайтлардың тек ғана сүўрет арқалы хабар узататуғын хызметлери де бар. Мәселен, Рейтер (www.reuter.com) Yaqoo (www.yaqoo.com) ҳәм тағы басқалар.

Интернетте аудио ҳәм видео хабарларды узататуғын сайтлар да

күннен күнге көбейип бармақда. Себеби, бул форматтағы хабарлар тыңлаўшының бирде-бир ўақыя ҳәдийсе ҳаққындағы хабарларды көбирек фактлер, даўыс ҳәм көринис бенен қәлиплестиреди. Мәселен, хабарлар аудио клип форматында BBC (www.bbc.co.uk) ҳәм Voice of America (www.voa.com) сыяқлы сайтларда ушырайды. Видео клип дүзилисиндеги хабарлар болса үлкен телевидение сайтлары, мәселен, CNN (www.cnn.com) BBC (www.bbc.co.uk ), 1-канал (www.әtv.ru) ҳәм тағы басқалар арқалы узатылады. Соныда айтып өтиў керек, аудио ҳәм видео хабарлар узататуғын сайтлар да әлбетте текст форматындағы жаңалықларды көбирек береди.

Солай етип, Интернет ушын хабар таярлағанда ең биринши гезекте материалдың актуаллығына, оқыўшының итибарын тартыў оперативлик мәселесине итибар бериў керек.

Бүгинги күни сийсий топарлар да интернетте өз искерлигин күшейтпекте. Яғный сиясий – аналитикалық веб-сайтлар көбеймекте. Экспертлердиң атап өтиўине қарағанда Интернет сиясий партиялардың сиясий ойынлар майданына айланып бармақта. Буның себеби, Интернет басқа ғалаба хабар қуралларына салыстырғанда ашық ҳам қолайлы. Телевидение яки радиода рекламалар бир неше секунд, ал газеталарда болса бир неше күн жасайды. Ал, интернетте болса рекламалар айлар жыллар бойы өмир сүрип, раўажланып барыўы мүмкин. Интернетте бир идеяның тәсир етиў күши узағырақ.

Интернете виртуал сиясий системалар пайда болмақта. Яғный Интернет арқалы белгили бир идеяларға, қызығыўшылықларға ҳәм басқада ҳәр қыйлы социаллық бағдардағы бирдей көз - карасларға ийе болған инсанлардың биригиўи пайда болмақта. Булар анаў яки мынаў сиясий

өзгерислерге өз тәсирин көрсетип отырады.

Соның менен бирге сиясий партиялардың искерлигин пүткиллей электронластырыў идеясы да пайда болған. Яғный, бул идеяны жақлаўшылардың пикирине қарағанда тармақ арқалы хәр партия ағзасы қәлеген темада информация алмасып, өз пикирлерин билдирип отырады. Мәселен, Украинада, бүгинги күни мынандай виртуал партия бар [www.vpu/org.ua](http://www.vpu/org.ua).

Усы жерде сонны да айрықша атап өтиў керек, хәр бир ғалаба хабар қураллары аудиторияға өзине тән тәсир етиў күшине ийе. Интернетке шекем олардың ишинде ең нәтийжелиси телевидение еди. Себеби, ол тамашагөйге 3 жол менен информация жеткереди: сүўретли, ҳаўазлы ҳәм тәсирли. Соның менен ТВ ғалабалық рәўиште тарқалғаннан кейин 5-10 жыл ишинде 500 жыллық тарийхқа ийе болған баспасөзден озып кетти.

Радиода үлкен күшке ийе, себеби, ол еки канал арқалы тәсир к5рсетеди, ҳаўаз ҳәм логика. Оның абзаллығы - жанлы ҳаўаз жәрдеминде аудитория менен сәўбетлесиў, бундай усыл информация орны менен тыңлаўшы арасындағы аралықты жоғалтады. Инсан ҳаўазы, оның жүректен шығыўы радионың имканиятын кескин асырады. Баспасөздиң жолы болса, тийкарынан логикалық дәлийлден ибарат, бундай тәсирге мәлим дәрежеде көринисте қосылады: газетадағы сүўретлер ҳәм реңлер.

Бирақ, психологиялық тәсир информацияны қабыл етиў жоллары менен байланыслы. Олар: көриў, еситиў, ийис сезиў, дәм сезиў, пикирлеў ҳәм т.б. Информация қәўипсизлиги мәселесине келгенде, психологиялық тәсир көбирек ғалаба хабар қуралларының жәрдеминде әмелге асырылады, соның ушын олар илимпазлар тәрепинен тереңлестирилмекте. Нәтийжеде раўажланған мәмлекетлер баспас5з, радио ҳәм телевидениениң барлық

имканиятларын өзинде сәўлелендирген интернеттей жоқары технологияға ийе болды. Интернет ғалабалық коммуникация тәсирин ең бәлентке көтерди. Сайтқа жайластырылған мағлыўмат бирден пүткил дүнья бойынша тарқалып кетеди. Ғалаба хабар қуралларының роли интернетке шекем де, ғалаба хабар қуралларынан басқа Интернет реклама, мағлыўматлар жеткериў, электрон почта хызметин де атқарады.

Улыўма алғанда, инсан психлогиясына интернет – информацияларының, улыўма қәлеген информацияның, мағлыўматтың манипуляциялық тәсиринен сақланыў, биринши гезекте өзинде информациялық мәдениятты қәлиплестириўи менен байланыслы әмелге асырылады.

# III БАП
# ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ҚӘЎИПЛЕРДЕН ИНСАННЫҢ ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ҚОРҒАНЫЎЫ

*«Бунның ушын тийкарғы тирек ҳәм беккем фундамент болып – мәнаўият, билим, миллий ғәрезсизлик идеологиясы хызмет етеди».*

Бүгинги биз бенен Сиз жасап турған XXI әсир «Информация әсири» «Информациялық технологиялар әсири» деп аталады. Бунның себеби, бизге белгили болғанындай-ақ, заманагөй технологиялардың раўажланыўы менен информациялар ағымы тезлести, информациялар саны, көлеми, мазмуны жағынан бурын көрилмеген дәрежеде өсти. Изертлеўлерге қарағанда XXI әсирде жумыс ўақтының ярымынан көби информацияларды сақлаў, қайта ислеў ҳәм тарқатыўға сарыпланады. Соңғы 50 жыл даўамында дүньяда информацияларды тарқатыў тезлиги 300.000 мәрте асты, баҳасы болса 1000 мәртеге арзанлады. Бул процесс еле де тезлик пенен даўам етпекте[1].

Мине, усындай цивилизация дәўиринде жәмийеттиң, мәмлекеттиң, инсаният турмыс тәризиниң раўажланыўына унамлы тәсир жасайтуғын информациялар менен бирге, турмыс-тәризимизге, психологиямызға, сана-сезимимизге кери тәсир жасайтуғын информацияларда көбейип бармақта. Мине, усындай информациялардан инсан өзин–өзи, қала–берсе жәмийетти, мәмлекетти қалай етип қорғаўы керек – деген орынлы сораў туўылады.

Ҳинд халқының белгили жәмийетлик ғайраткери, сыясатшысы, көсеми Махатма Ганди өзи жасаған дәўирде – ақ, мынадай пикир

[1] Жумамуратова М., Оразымбетова З. Ашық хабар системаларында информациялық – психология қәўипсизлиги. Ташкент., 2009. 34 б.

қалдырады: *«Мен үйимниң айна ҳәм есиклерин барқулла беккем етип жаўып отыра алмайман. Себеби, таза ҳаўа кирип турыўы керек. Соның менен бирге айна ҳәм есиклеримнен кирген ҳаўаның даўылға айланып, үйимди аўдар - төңкер қылып, өзимди болса бир шетке ылақтырып таслаўын қәлемеймен»*[1].

Бул қатарлар буннан бир неше әсирлер бурын айтылған болса да, тап бүгинги биз жасап турған дәўирдеги ҳәр қыйлы қураллар ҳәм ҳәр қыйлы жоллар менен мәмлекетимизге, жәмийетимизге ҳәм сол арқалы сана-сезимимизге кирип киятырған, түрли тараўларға тийисли информациялар ҳәм олардың тәсир ҳаққында айтылғандай. Себеби, биз бүгин информацияларсыз жасай алмаймыз, буларсыз инсанның алға қәдем таслаўы, жәмийеттиң раўажланыўы мүмкин емес. Деген, менен бузғыншы идеялы информациялардың психологиямызды бузыўына да жол қоймаўымыз керек. Жасларымызды, жәмийетимизди жаман тәсирли информациялардан, қәўип туўдырыўшы бузғыншы пикирлерден қорғаў имкәниятын кеңейтиў ең әҳмийетли машқалалардан бири.

Жақында интернет сайтларының биринде Америкалы сиясатшы, алым **Патрик Бьюкенниң** «Смерть Запада» атлы китабы пайда болған еди. Онда итибарды тартатуғын мәселелердиң бири үлкен көлемдеги бул китаптың алғы сөзинде – ақ, автор миллетлер ҳәм халықлар тәғдирине байланыслы болған мәселелерди, ўақыяларды қозғайды. Батыс мәмлекетлириниң «тәғдири», жәмийеттиң мәнәўий кризиске, соның ишинде, семья ҳәм неке, перзенттиң туўылыўы ҳәм халықтың тәбийғый көбейиўи мәслелерине тийисли болған машқалалар анализге тартылады. Автор онда мыңда бир тәшўиш пенен «Европаның» «Америкаша»

---

[1] Расулов А. Глобал жараёнлар ва маънавият. //Ўзбекистон матбуоти, 2008 йил 5-6 сон, 8-9 б.

мәдениятты қабыл етип, бүгин оның турмыс тәризине сиңип баратырғанлығын, буны көре – биле тура, қарсылық көрсетиў мүмкиншилигиниң жоқлығын пушайманлық пенен баян етеди. П.Бьюкенниң пикиринше, санааты ҳәм жоқары технологиялары раўажланған жәмийетте адамлардың бирден байып кетиў, тоқ – бай турмысқа жетисиў барысындағы эгоистлик умтылыслар, олардың миллий қәдириятларға, соның ишинде шаңарақ ҳәм некеге, жаслар тәрбиясына болған мүнәсийбетлериндеги кескин өзгерислердиң пайда болыўын сүўретлейди. Бул жағайды автор **гедонистлик психологияның** негизи деп баҳалайды. Оның ақыбетлери жәмийетте бир қатар машқалаларды келтирип шығарып атырғанлығын ашық айдын көрсетип өтеди. Демек, усы орында *гедонизмниң* өзи не, мәниси қандай деген орынлы сораў пайда болады. *Гедонистлик психология* дегенимиз – бул инсан ҳәм оның минез – қулқында тек ғана недендур ләззетлениў, қанаатланыў ҳәм өзиндеги ишки руўхый кеширмелерди жеңиўге болған умтылыслардың үстинлиги түсиниледи[1]. Әлбетте, инсанның тоқ ҳәм пәраўан турмысқа болған ҳәрекетлерин, бай – дәўлетли жасаўға болған умтылысларын натуўры деп есаплап болмайды. Бирақ, бундай ҳәрекетлер инсаныйлық пәзийлетлерди жоққа шығармаўы керек. Авторды тәшўишке ҳәм қорқынышқа салған нәрсе – инсанлардың бундай ҳәрекетиниң оның психологиясына ҳәм сана - сезимине кери ҳәм унамсыз тәсир етиўи болып табылады[2]. Мәселен, бүгинги Европада туўылып атырған балалардың үштен бириниң некесиз туўылып атырғанлығы, тәбийғый көбейиўдиң кескин кемейип баратырғанлығы, улыўма ҳаял адамлардың өзлеринен саламат әўлад

---

[1] Леонтьев А.А. Психолингвистическая проблематика массовой коммуникации. М., 1974. 59 б.
[2] Тошбоев О. Ёшлар ва маънавий тарбия: “Оммавий маданият” таҳдиди ва унга қарши кураш зарурати. //Ўзбекистон матбуоти, 2008 йил 5-6 сон, 43-44 б.

қалдырыў нийетиниң кемейип кеткенлиги, ҳәттеки жоқлығы, дәўлети, байлығы жетерли болыўына қарамастан перзент көрип, оған тәлим – тәрбия бериўге қыйналатуғынлығы, олардан қәрежетин қызғанатуғынлығы ҳаққында айтылады. Улыўма Батыс мәмлекетлериниң ҳаял адамларының дерлик басым көпшилиги турмысқа шығып, өзинен мүнәсип әўлад қалдырыў, олардың тәшўиши менен жасаў мақсетлеринен, нийетлеринен кем – кемнен узақласып бармақта.

Алым бул жағдайларды унамлы тәреплерге өзгертиў ушын бир қатар усыныс ҳәм пикирлерин билдирип өтеди. Яғный, туўылыў ҳәм тәбийғый көбейиў ушын мәмлекет тәрепинен ажыратулатуғын қәрежетлерди көбейтиў, олардың муғдарын асырыў, аналар ушын айрықша жеңилликлерди пайда етиў, ямаса балалары көп болған шаңарақларға перзентлерин кәмалға келтириўи ушын ғамғорлық көрсетиў ҳәм т.б. сыяқлы жеңилликлер көрсетилсе жағдай унамлы тәрепке өзгерермеди деген сораўлар ойландырады. Бирақ, көпшиликтиң пикирлер логикасынан сол нәрсе аян болады, заманагөй европалыларды бундай жеңилликлерден гөре, лаўазым, мәртебе ҳәм өз мәплерин ойлап жасаў көбирек қызықтырады. Себеби, заманагөй Батыс жаслары, ҳаял – қызлары ушын бундай жеңилликлер бала туўыўыў ҳәм олар менен байланыслы тәшўишлер алдында ҳеш нәрсе емес. Усы сыяқлы гедонистлик психология бизиң жасларымыздың санасында пайда болмаўын, ҳәр түрли хабар тарқатыўшы қураллардан информацияларды еркин қабыл қылыў имкәнияты пайда болған ҳәзирги шәриятта оларды изги мақсетлерге бағдарлаў, оларда саламат көз – карасларды, ертеңги күнге исеним, жетик сезим, ел – журт алдында, шаңарағы ҳәм жақынлары алдында инсаныйлық жуўапкерлик туйғыларында тәрбиялаў, миллий мәплеримизге тиккелей

байланыслы ўазыйпаларымыздан саналады.

Әлбетте, **и**нформация қудретли күш болып, ол арқалы халықтың ойы, мәденияты, менталитети ҳүкиметтиң информациялық сиясий-социаллық системасына унамлы яки унамсыз тәсир етириўи мүмкин. Мәмлекетлик ҳәм сиясий информация түрлери ҳәм информация қәўипсизлиги машқаласы бурыннан бар. Кибернетика ҳәм информатика раўажланыўы менен Интернет системасының пайда болыўы информация гүресин жаңа басқышқа көтерди. Бүгинги күнде глобаль компьютерлер тармағы – интернет жәҳәнниң барлық мәмлекетлерине кирип бармақта. Бүгинги күнде Интернет жәҳәнанниң 150 ден аслам мәмлекетинде ен жайды. Интернет тармағы жалғанған ҳәр бир компьютер дәстүри *сервер* яки *вебсервер* деп аталады. Ҳәзирги ўақытта интернет әлеминде 300 миллионнан артық вебсервер бар. Оннан пайдаланыўшылар саны 600 миллионнан артық[1].

Информация коммуникация процессинде жаслар санасына тәсир ететуғын жат, бузғыншы идеяларға қарсы қорғаныў қуралларын ислеп шығыўдан алдын, жаслардың жәмийетлик минез – қулқын үйренип алыў керек болады. Жәмийетлик – социаллық минез – қулықта биринши көзге тасланатуғын нәрсе – бул тәшўишлениў, недендур қорқыў ҳәм сол арқалы жәмийетлик мүнәсийбетлерден өзин алып қашыў туўғыларының көриниси. Себеби, егер, *психологиялық қорғаныў жағдайларының мазмунынан келип шығатугын болсақ, бул – инсанның ишки кеширмелерин сәўлелендириўши сондай ҳалат, онда адам, ишки руўхый сезимлерин сақлаў ушын өзинде қәўетер ҳәм қорқыўды басыўға, олардан қутылыўға умтылады.*

[1] Жумамуратова М., Оразымбетова З. Ашық хабар системаларында информациялық – психология қәўипсизлиги. Ташкент., 2009. 34 б.

*Психологиялық қорғаныў – инсандағы ҳәр түрли унымсыз тәсирлерди жоқ қылыўға, олардан сақланыўға, психологиялық дискомфортты жоқ болдырмаўға хызмет қылады.* Усындай ҳалатларда инсан, әдетте, адамлар арасындағы қарым – қатнасықларда өзин басқашарақ тутатуғын болып қалады. Мине, усындай бир шәриятта интернет информацияларынан инсанның психологиялық өзин - өзи қорғаўы жүдә әҳмийетли. Булар бойынша кейинги жыллары алымлар бир қатар теориялық тийкарларды ислеп шыққан. Мәселен: дәслеп эгоцентризм ҳаққында тоқталып өтсек. Эгоцентризм – латынша «ego» – *мен* ҳәм «centrum» – *дөңгелек орайы* сөзлеринен алынған болып, өз пикир-ойлары, мәплери тек өзиниң түсинигинде қатып қалған инсанның басқалар тәсири менен ямаса билимлери тийкарында өзгерте алмаўын билдиреди. Психологияда эгоцентризмниң бир қанша түрлари бар. Олар: - *билимлендириўге, билиўге тийисли эгоцентризм, тәрбиялық эгоцентризм ҳәм коммуникатив эгоцентризмлер* болып бөлинеди. Коммуникатив эгоцентризм – басқаларға қандандур бир мағлыўматты, информацияны бериў барысында олардың пикири менен есапласпаў, оларды менсинбеў ҳалатларында байқалады. Заманагөй информациялық қәўиплердиң бир қатар түрлери эгоцентризм арқалы жүргизиледи ямаса алып барылады ҳәм олар өзлерине уқсас тек өз мәплерин гөзлейтуғын әўладлар санасын қамтып алыўға ҳәрекет қылады. Сонлықтан да, инсанлада психологиялық қорғаныўды әмелге асырыў ҳәмме ўақытта зәрүрли. Психологиялық қорғаныў болыўы ушын инсанда ең дәслеп еркин ҳәм турақлы пикир болыўы керек.

Демек, информациялық қәўиплер ҳүжими дәўиринде жасларды дурыс жасаўға, дурыс пикирлеўге, инсаныйлық пазыйлетлерге ийе болыўға, ўатан сүйиўшилик сезимлерине тәрбиялаў, еркин пикирли

болыўға үйретиў арқалы оларда идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў ең актуал ўазыйпалардан саналады. Бунда үйретиў, тәрбиялаў бир тәреплемели болмай, ол «педагог – тәрбияланыўшы», «устаз – шәкирт» системалары арқалы көбирек ***тәрбияланыўшының пазыйлетлерине*** байланыслы. Бундай қурамалы исти шөлкемлестириўде ҳәр бир жәмийетлик топар, ямаса инсанның индивидуал психологиялық өзгешеликлерин инабатқа алыў зәрүрлиги психологияда дәлилленген. Мысалы ушын, егер оқыўшы ямаса студентти бир топар деп есаплайтуғын болсақ, олардың барлығы менен бир ўақытта, бир қыйлы эффект (тәсир) пенен ислеў ямаса тәсир етиў ҳәм сол арқалы олардың еркин түсиниклерин, көз-карасларын байтыў, раўажландырыў, саламат пикирлеўди тәрбиялаўдың иләжи жоқ. Екиншиден, бир топар студент ямаса оқыўшы ушын нәтийжели ҳәм тәсирли деп табылған усылды басқа топарларда қолланыў да мақсетимиз ушын кери тәсир жасаўы мүмкин.

Демек, бүгин тәлим – тәрбия орынларында билим алып атырған, бирақ өзлериниң еркин пикирине ийе болмаған студент ҳәм оқыўшылар менен ислесиўде төмендегилерге итибар қаратыў талап етиледи:

***Биринширен***, минез – қулқындағы қәтеликлер менен өзгешеликлер, пикирлеўиндеги қәтеликлерди келтирип шығарыўшы негиз болғанлығы ушын студенттиң ямаса оқыўшының негативли пикирлеў системасының схемасын өзгертиў лазым.

***Екиншиден***, пикирлеў тәризине тәсир көрсетиў ушын педагоглар өзлериниң түсиндириў усылларын, тәрбия методларын өзгертиўлери керек. Яғный, алдынлары жоқары тонларда, директивалық бүйрық бериў усылында студент пенен мүнәсийбет орнатқан болса, енди керек болса, «теңбе – тең», демократиялық усылда, басқышпа – басқыш ҳәрекетлерди

биргеликте анализ етиуге өтиуи керек.

***Үшиншиден***, оқыўшы – студенттиң өзин – өзи бақлаўын, өзине болған талапларын өзгертиуи, яғный студентти унамлы ислерге, жақсы нәтийжелерге бағдарлаўы арқалы өзине болған баҳасын өзгертиуге ерисиуи керек.

Ең баслысы, сондай жағдай жаратыўы керек, оқыўшы *унамлы, нәтийжели ҳәм табыслы тәжирийбе арттырсын,* яғный, өзине, шаңарағына ямаса досларына пайдасы тийетуғын ўазыйпаларды атқарсын, алғыс алсын, оларды жәмийетлик жумысларға кеңирек тартыў арқалы өзлериниң тәжирийбелерин арттырсын, кеңейтирсин, бул ислерден өзлеринде қанаатланыўшылық сезимлерин пайда етсин.

Демек, тәлим ҳәм тәрбия процесслеринде ҳәр бир педагог жаслардың еркин пикирлеўи ушын имкәният ҳәм мүмкиншеиликлер жаратып бериўи керек. Кери жағдайында оның санасы, психологиясы таяр шаблонлар, стереотиплерге бейимлесип, олар ақыбетинде ҳәр қандай жат идеяларға ерип кете беретуғын, ҳәр қандай нәрсеге исениўшең болып қалады. Психологиялық дереклерге сүйенетуғын болсақ, сол нәрсе мәлим болады, жаслардың еркин пикирлеўлери ушын тәлим процессиниң өзиндеги тәртип – қағыйдалардың, бюрократияның *минималластырылыўына* ерисиўимиз керек[1]. Себеби, ески тәлим – тәрбия системасы оқытыўшылардың айтқанын, ол жазған лекция текстин көширип жазып келиў ҳәм айтып бериўди талап етеди. Бул жағдайлар инсан мийиниң автоматик тәризде ислеўине, ядланған бир қыйлы қәлиптеги нәрселерди ядта тутыў ямаса айтып бериўге бейимлестиреди. Бундай жағдайда әлбетте, мийде өзине тән вакуум пайда болады. Ал, бул вакуумға болса кейинирек басқа жат идея

[1] Самарцев О.Р. Феномены глобальной коммуникации. М., 1999.; Уткин А.И. Глобализация: процесс и осмысление. М., 2001.; Шиллер Г. Манипуляторы сознанием. М., 1984.

ҳәм түсиниклерди сиңдириў жүдә аңсат болады. Себеби, инсан мийи дерлик тормозланған болып, ҳәр қандай басқаша хабар, информация, мағлыўмат оның мийине аңсат орналаса береди.

Демек, дәўиримиз педагогларынан, басшыларынан, психологларынан өзлериниң ис усылларын өзгертиў, қарым – қатнас ҳәм байланыс тәртиплерин өзгертиў талап қылынбақта. Бул нәрсе оның тәсир көрсете алыў уқыбының нәтийжели болыўын да талап етеди. Ендилигин де ол жаслардың еркин, ғәрезсиз пикирлеў тәризиниң раўажланыўына тийкар жаратады.

Психологияда жат пикирлерден, идеялардан, информациялардан қорғаныў механизмлериниң түрлери көп. Олардың теориялық ҳәм әмелий тикарлары ислеп шығылған ҳәм үйренилмекте[1]. Олар төмендегилерден ибарат:

ПРОЕКЦИЯ – өзиндеги сезим ҳәм кеширмелерин сыртқы объектлерге көшириў арқалы пайда болған жағдайлардың себеплерин сырттан излеўге мейиллик.

ИДЕНТИФИКАЦИЯ – өзин информация ийесине уқсатыў, оның орнына өзин қойыў арқалы миллий қәдириятлардан, миллий мәдениятдан ўаз кешиў ямаса туўрыдан – туўры өзлестириў.

РЕГРЕССИЯ – алдыңғы өмириндеги, (мәселен, жаслыгындағы) болып өткен қайсыдур ўақыяларға қайтыў, оларды ядында қайта тиклеў

---

[1] Қараң: Ярочкин В.И. «Информационная безопасность». М. Фонд «Мир» 2003.; Грачев Г.В. «Информационно-психологическая безопасность личности» М. Фонд «Мир» 2004.; Бегматов Б. Очиқ оммавий ахборот тизими шароитида шахснинг психологик ўзини-ўзи ҳимоялаши. Маъруза матни. Т., 2009.

арқалы олардың жақсы ҳәм намақулларын анализ етиў, оларды өз минез–қулқына масластырған ҳалда өзинде қорғаныў ҳәм ақланыўды қәлиплестириў.

КОНВЕРСИЯ – байланыстағы қандайдур тосықларды яки барьерди альп таслаў ушын күтилмеген усылларды қолланыў. Мәселен қәўетерли информацияларды сатиралық яки күлкили информациялар менен алмастырыў жолы.

РАЦИОНАЛИЗАЦИЯ – пикир жүргизиў арқалы өзинде қорғаныў инстинктин пайда етиў.

Мине усындай психологиялық қорғаныўды әмелге асырыўда Президентимиз Ислам Каримовтың пикирлери бизлер ушын ҳәмийше үлги болады: *«...Ең тийкарғысы, қәлбимизде мақтанышымыз, билегимизде күшимиз бар екен, биз тынышлықты қорғаўға, оған қәўип салып атырған күшлерге қарсы гүресиўге, қәддимизди тик тутып, басымызды бәлент көтерип жасаўға ҳақылымыз. Бизди қорқытпақшы болып атырған кимселер соны билип қойсын, биз ҳеш кимге бас иймегенбиз ҳәм ҳеш қашан бас иймеймиз. Бунда бизге миллий идея ҳәм ғәрезсизлик идеологиямыз таяныш ҳәм тийкар болады»*[1].

Шынында да миллий идеология халықтың мақсет – нийетлерин сәўлелендиреди, тарийх сынаўларынын өтиўде оның руўхын көтерип, сүйениш ҳәм таяныш болады. Усы миллет, усы жәмийет дус келетуғын көплеген турмыслық ҳәм руўхый машқалларға жуўаплер излейди. Ол инсанға тек ғана материаллық байлықлар ушын емес, ең дәслеп, Алла – тала инәм еткен ақыл – закаўат, ийман – ҳүждан себепли жоқары руўхыйлыққа ерисиўимиз ушын умтылып жасаў лазымлығын аңлататуғын,

[1] Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. 13–жилд.-Т., Ўзбекистон. 2005. – Б. 301-б.

бул қурамалы ҳәм тәшўишли дүньяда оның раўажланыў жолын айдынластырып береди. Ғәрезсизлик идеясы көпмиллетли Өзбекстан халқының изги нийет – азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәраўан турмыс қурыў жолындағы мың әсирлик арзыў – умтылыслары, турмыслық идеалларын өзинде сәўлелендиреди.

Елимиздиң әдиўли басшысының көрсетпелери ҳәм келешектеги идеяларынан келип шыгып, ҳәзирги қурамалы жағдайда халқымыз, ең дәслеп, өсип – өнип киятырған жас әўладларымыздың санасы ҳәм психологиясында ***идеологиялық иммунитетти*** пайда етиў ең айрықша ҳәм актуаль әҳмийетке ийе ўазыйпаларымыздың бири екенлигин көрсетеди. Бул ўазыйпаны болса мийўели нәлшеге тәрбия беретуғын бағмандай шеберлик, нәзиклик, меҳир ҳәм ақыллылық пенен әмелге асырыў талап етиледи.

Тәлим – тәрбияның нәтийжели алып барылатуғын орны шаңарақ болып есапланады. Инсан дәслепки турмыс ҳаққындағы түсиниклерин шаңарағынан алады. Белгили орыс жазыўшысы Л.Толстойдың: «*Ҳәмме елеслерим 5 жасқа шекем алған түсиниклеримниң жыйындысынан ибарат*» деген пикиринде де жан бар. Себеби, инсан ең дәслеп әтираптағы нәрселер ҳаққындағы мағлыўматларды, информацияларды – жәмийеттиң тийкарғы өзеги болған шаңарақтан алады. Шаңарақта жақсы тәрбия алған бала мектебинде, жасаў орталығында, жәмийетлик орынларда да натуўры ҳәрекет ямаса тәртипбузарлықлар қылмайды. Булл ҳаққында белгили педагог А.С.Макаренко ата – аналарға қаратып мынадай пикирин жазып қалдырған: «*Сизиң минез – қулқыныз шешиўши усыл. Сиз баланы тек ғана оның менен сөйлесип атырғанда, оған бир нәрсени үйретип атырғанда, ямаса буйрық берип атырғанда үйретемен деп ойламаң. Сиз оны*

*өмириңиздиң ҳәр бир минутында, ҳәттеки, өзиңиз жоқ ўақытларда да тәрбиялайсыз. Сизиң қандай кийиниўиңиз, басқа кисилер менен қандай сөйлесиўиңиз, қандай қуўаныўыңыз ҳәм тәшўишлениўиңиз, досларға ҳәм душпанларға қандай мүнәсийбет билдириўиңиз, қандай күлиўиңиз, қандай газета оқыўыңыз бала ушын үлкен әҳмийетке ийе. Даўысыңыздағы азғана өгеристи де бала сезеди, пикирлериңиздеги барлық бурылыслар көринбес жоллар менен оған өтип барады».* Демек, перзентлерге шаңарақта тәлим – тәрбия берилип атырғанда ата – ана оларға үлги, ибрат болыўлары керек. Соның ушын да миллий идеяны инсанлар қәлбине, санасына сиңдириўде ең дәслеп шаңарақ әҳмийетли роль атқарады.

Және де биз ҳәр күни исенимли мағлыўматларға бай болған түрли хабарларға дус келемиз. Олардың оншелли итибарға ылайықлы болмаған бөлими де бизиң психологиямызға тәсир етиўи мүмкин. Қайсыдур бир хабар, идея ямаса пикир инсанның минезиниң өзгериўине ямаса кеўил-кейпиятының бузылыўына алап келиўи мүмкин. Бунда биз психологиялық тәсир етиўдиң алты басқышына итибар қаратыўымыз лазым:

1. Хабар, идея, информация аудиторияға берилиўи керек;
2. Берилген хабар, информация, пикир аудиторияның дыққатын қаратыўы керек;
3. Аудитория хабар, инфомация ҳәм пикирдиң мәнис – мазмунын (астарын) түсиниўи керек;
4. Хабардан, инфомациядан, мағлыўматтан жаңа идея сыпатында жуўмақ шығарыўы керек;
5. Жаңа идея ямаса пикирди ядта сақлаў керек;
6. Ядта сақланған идеяны ямаса пикирди өзиниң минез-қулқына ямаса кейпиятына масластырыўы керек.

Информация тараўында инсанлардың қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселеси бир шетте қалып қойған мәселе емес. Оған қәлеген мәмлекеттиң информация тараўында өзине сай Нызам – қағыйдалары ислеп шығылған. Соның ишинде бизиң мәмлекетимизде де. Мсәелен, Өзбекстан республикасы Конститутциясының 27-статьясына тийкарланып, ҳәр ким өз абыройына қарсы исленген душпанлықтан, жеке өмирине араласыўдан қорғалыўы ҳәм мәкан жайы қәўипсизлигине ийе. Сондай-ақ, оған Нызам менен қорғалмаған жағдайларында да биреўдиң турар жайына кириў-тинтиў өткизиўи яки оны көзден кешириўи, жазыўлар ямаса телефон сөйлесиўлердиң сырын ашыўы мүмкин емес. Өзбекстан республикасы конституциясының 29-статьясы бойынша: информация алыў, излеў, тарқатыў ҳуқықы кепилликке алынады. Сондай-ақ тийкарғы Нызамымыздың әмелдеги конституциялық системаға қарсы қаратылған информация ҳәм Нызам менен белгиленген басқа шеклеўлер буннан ғәрезсиз. Пикир жүритиў ҳәм оны баянлаў еркинлиги тек мәмлекет сыры ҳәм басқа сырларға тийисли болған жағдайда ғана Нызам тәрепинен шеклениўи мүмкин. Информация қәўипсизлигин тәминлеўден алдын информациялардың ҳуқықый тийкарлары ҳаққында тоқтап өтиў лазым. Ғалаба хабар қураллары ҳаққында, авторлық ҳуқықы тийкарында мәмлекет сыры ҳаққында Нызамларда ҳәм Нызам нормаларында информация алыў ҳәм тарқатыў ҳуқықый тийкарлары белгиленген. Информация мәмлекет шөлкемлери юридикалық ҳәм физикалық шахслардың ислери жемиси сыпатында материаллық ямаса интеллектуал мүлк обьекти болыўы мүмкин. Мәмлекет шөлкемлери юридикалық ҳәм физикалық тәреплер информацияларға байланыслы Өзбекстан республикасы Нызамлары менен белгиленген ҳуқыққа ийе ҳүжжетлестирилген информация мүлк обьекти

сыпатында айрықша ҳүжжет ҳәм ҳүжжет топламы түринде пайда болады. Информация ийеси өз мүлкиниң обьектине қарап ҳәр қандай Нызамлы ҳәрекет ислеўи сондай-ақ, информацияға ийелик етиўши оннан пайдаланыўшы шахсты тайынлаўы мүмкин. Соны да айтып өтиў керек, мәмлекет мүлки есапланған информацияға қорғаныў сертификатына ийе болған системалар ғана өзгерис киритиўи мүмкин. Автоматластырылған информация системалары жәрдеминде киритилетуғын ҳәм шығарылатуғын ҳүжжетлердиң юридикалық күши электрон имза менен тастыйықланыўы мүмкин. Электрон имзаның юридикалық күши автоматластырылған системада имзаның бирдейлигин тәминлеўши сертификатланған дәстүрий техника қураллары бар болған жағдайларында жүргизиледи. Информация қәўипсизлигин тәминлеў ушын төмендеги талаплар қойылады:

Өзбекстан республикасы жынаят кодексиниң 174-статьясында

Информацияласыў қағыйдаларын бузыўдың жуўапкершилиги белгиленген. Информацияластырыў қағыйдаларын бузыў яғный, информация тармағынан рухсатсыз пайдаланыў, яки пайдаланыўға рухсаты болған жағдайларда тийисли қорғаў шараларын көрмеў яки информациялар тармағынан нызамды бузған жағдайында информация алыў, сондай-ақ, информацияластырыў системасынан пайдаланыўға рухсаты болған жағдайында, ондағы мағлыўматларды қасттан өзгертиў, жоғалтыў, алып таслаў яки жоқ етип жибериў, көп мұғдарда зыян жеткизиўге себепши болса ең кем айлықтың 75 есе муғдарда шртаф яки 3 жылға шекем тартип дүзетиў ислери менен жазаланады. Компьютер системаларында сақланған мағлыўматлар яки дәстурлерди өзгертиў мақсетинде тийисли рухсатсыз компьютер вируслары яки дәстурлерин ислеп шығыў ҳәм тарқатыў, сондай-ақ, рухсаты болмаған жағдайда

информация системасынан пайдаланыў, мағлыўматлардың бузылыўына, алып тасланыўы, жоқ етип жиберилиўи, бул системаның истен шығыўына себеп болса, ең кем айлықтың 75 есесинен 200 есеси муғдарында штраф яки белгили ҳуқықынан айырыў 3 айдан 6 айға шекем азатлықтан айырады. Өзбекстан республикасы жынаят кодексиниң 162-статьясы, мәмлекет сырларын ашып бериў яки өзгеге бериў, яғный мәмлекет сыры, әскерий сыр яки хызмет сыры есапланған мағлыўматларды, бул мағлыўматлар исенип тапсырылған яки хызмети ямаса кәсибине байланыслы әшкара етиўи ямаса бул қылмысында мәмлекетке сатқынлық белгилери болмаса 3 жылдан 5 жылға шекем азатлығынан айырылады. Егер сол ҳәрекетлер аўыр ақыбетлерге алып келсе, 5 жылдан 8 жылға шекем азатлықтан айырылады. Усы кодекстиң 163-статьясында да мәмлекет сыры яки әскерий сыр есапланған ҳүжжетлерди жоғалтыў ақыбетлери белгилеп қойылған.

Бүгинги күнде информация дүньясының арғы мушынан берги мушына дерлик бир нешше секундлар ишинде жетип барып атырған бир пайтта «Информацияны басқарыў» деген түсиниклер де жүзеге келди.

Дүньяда информацияларды натуўры жеткизиў, оны қәте талқылаў ямаса оларды өз мәплери жолында пайдаланыў ҳалатлары жүзеге келмекте. Бундай мүнәсийбетлер арасында суўықлықлар пайда болады. Соның ушында информация техникалары дәўири деп ат алған ҳәзирги заманда информация қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳәр қашанғыдан да зәрур. Демек, информация қәўипсизлигин тәмийинлеў усылларын үйрениў ҳәм таратыў зәрүр. Информация қәўипсизлигине тийкарланып мәмлекеттиң экономикалық, әскерий ҳәм техникалық сиясатында тийкарғы талаплардан бири болып қалыўы керек. Информация техникаларын сатып алып

атырғанда, оларды Интернет системасына жалғағанда арнаўлы усыллар тийкарында, техникалық бақлаў тәртиби бойынша белгилеп алыў керек. Информация кодексин ҳәм оның тәртип қағыйдаларын мәмлекет информация қуралларының жасырын элементлери кирип келиўинен сақланатуғын Нызамды ислеп шығарыў дәўир талабы.

Улыўма алғанда, информация қозғалысының алдын алыў, информация қәўипсизлигин тәмийинлеў мәмлекетти сыртқы ҳәм ишки қәўиплерден қорғаўдын ең әҳмийетли усылы болып табылыды. Ал, инсанның информациялық қәўипсизлигин тәмийинлеўде тийкарғы тирек ҳәм беккем фундамент болып – мәнаўият, билим, миллий ғәрезсизлик идеологиясы хызмет етеди.

# ЖУЎМАҚ

Интернет ўақыт өткен сайын турмысымызға кеңирек кирип келмекте. Оның тек те мәлимлеме орайы емес, ал билимлендириў, социаллық турмыс мәселелерин шешиў, ғалаба хабар қураллары ўазыйпаларын атқарыў ислери де ҳәўижге минип атыр.

«Елимизди модернизациялаў ҳәм кушли пуқаралық жәмийет қурыў – ең әҳмийетли мәқсетимиз» атамасындағы Президент Ислам Кәримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянатында, бул процесслерге айрықша тоқтап өтип, мынадай пикир билдирген еди: *«Бүгин турмыстың өзи алдымызға пуқаралық жәмийети институтлары системасында ғалаба хабар қуралларының орны ҳәм ролин тағы да беккемлеў ўазыйпасын қатаң түрде қоймақта. Ғалаба хабар қуралларын буннан былай да еркинлестириў, мәмлекетлик емес баспасөз басылымлары, радио, телевидениениң жумысларын жанландырыў, олардың Интернет глобал тармағына кириў имканиятларын кеңейтиў алып барылып атырған реформалар сиясатының ашық-айдынлығын ҳәм жәриялылығын тәмийинлеўге, күшли пуқаралық жәмийеттиң избе-из қәлиплесиўине мәдет бериўи дәркар***.**

*Миллий баспа сөзимиздиң сапасын, шеберлигин ҳәм тәсиршеңлигин арттырыў, оны раўажланған мәмлекетлердиң ғалаба хабар қураллары ерискен жоқары талаплар ҳәм өлшемлер дәрежесине көтериў ушын имкан беретуғын шараятларды жаратыў мақсетинде ғалаба хабар қураллары саласындағы нызамшылықты буннан былай да жетилистириўди тәмийинлеў зәрүр».*

Шынында да, ҳәзирги ўақтта дүнья жүзинде, соның ишинде бизиң елимизде де Интернет ҳәм Интернет информациялары ушын имканиятлар есгиги кең ашылған. Мәмлекетлик емес баспа ғалаба хабар қуралларын қоллап-қуўатлаў қоры тәрепинен Интернет журналистикасын турмысқа енгизиў бойынша қатар илажлар исленип, қаржылар бөлинбекте.

Нәтийжеде елимиз ғалаба хабар қуралларын модернизациялаў ислери жақсы жолға қойлыып атыр. Мине, бунының дәлили сыпатында «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана», «Жеткиншек», «Төрткулнама» газеталарының Интернетте сайтлары жаратылды. Бирақ, биз анализ етккенимизде бул сайтлардың дерлик көпшилиги өз ўақтында жаңаланып турылмаған. Буны матераллардың астында берилетуғын форумларғы комментарийлерден де көриўге болады. Бул ол жерлерде тийисли қәнигелердиң жоқлығынан дерек береди.

Ҳәзирги ўақытта интернетти 7 жасар баладан 70 жасар қарияға шекем пайдаланады десек қәтелеспеймиз. Бул арқалы интернеттиң жәмийетлик – сиясий әҳмийетиниң артып баратырғанлығын көриў мүмкин. Әлбетте, ол информация алыўдың ең әҳмийетли ҳәм оперетив дереги болып хызмет етпекте. Бирақ, оннан пайдаланыў ҳәмме ушын бирдей жуўапкершилик талап етеди. Оның ролиниң артыўы, хызмет түрлериниң кеңейиўи яки болмаса керсинше жәмийет ушын жаўыз, қәўипли қуралға айланыўы бул инсанлардың өз қолында. Интернеттен дурыс ҳәм орынлы пайдаланыў, оның инсаныйат ийгилиги ушын хызмет қылыўына тийкар жаратыўы сөзсиз.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ


1. Каримов И. А. Юксак маънавият – енгилмас куч. Тошкент, «Маънавият» 2008.

2. Каримов И.А. «Ўзбекистон XXI аср бўсағасида». Тошкент. «Ўзбекистон», 1998.

3. Каримов И.А. «Өзбекстан XXI әсир босағасында: Қәўипсизликке қәўиплер, турақлылыў шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери». Нөкис, «Қарақалпақстан», 1998. 172 бет.

4. Богомолова Н.Н. Социальная психология печати, радио, телевидения и интернета. М.: МГУ, 1991.

5. Бегматов Б. Интернет: ривожланиш босқишлари ва замонавий таъсирлар. Интернет мақола.

6. Бегматов Б. Очиқ оммавий ахборот тизими шароитида шахснинг психологик ўзини-ўзи ҳимоялаши. Маъруза матни. Т., 2009.

7. Жумамуратова М., Оразымбетова З. Ашық хабар системаларында информациялық – психология қәўипсизлиги. Ташкент., 2009. 34 б.

8. Ярочкин В.И. Информационная безопасность. М.: Фонд «Мир», 2003.

9. Грачев Г.В. «Информационно-психологическая безопасность личности» М. Фонд «Мир» 2004.

10. Горохов В.М. Основы журналистического мастерства. Москва, 1989.

11. Грачев Г.В., Мельник И.К. Манипулирование личностью: организация, способы и технологии информационно-психологического воздействия. М.: ИФ РАН, 1999. С. 34.

12. Ермаков Ю.А. Манипуляция личностью: Смысл, приемы, последствия. – Екатеринбург, 1995.

13. Самарцев О.Р. Феномены глобальной коммуникации. М., 1999.

14. Шиллер Г. Манипуляторы сознанием. М., 1984.

15. Здоровева В.И. Слово тоже есть дело. Минск. Наука, 1986.

16. Засурский Я. Дизайн, конвергенция и демассификация журналистики.// Вестник МГУ 2004. №4 175 бет.

17. Калмыков А.А., Коханова Л.А. Интернет журналистика. Москва. Юнити, 2005

18. Марахимов А., С Рахмонқулова К.С «Интернет ва ундан фойдаланиш асослари» ТошДТУ, Т.: 2001

19. Норов О. Интернет бошқариш манбаими?// «Ma`rifat» газетасы, 2006, 13-май.

20. Прохоров Е.П. Введение в теорию журналистики. Москва, МГУ, 2005.

21. Рашидова Д.К. «Интернет в Узбекистане: проблемы и возможности», Тошкент, УзМУ, 2003;

22. Рашидова Д.К. «Интернет как источник журналистской информации», ТашГУ, 1999, (Конспект лекций).;

23. Рашидова Д.К. «Информационные технологии и интерактивная Интернет журналистика», УзМУ, факультет журналистики, 2003

24. Уткин А.И. Глобализация: процесс и осмысление. М., 2001.

## ИНТЕРНЕТ САЙТЛАР

(www.washingtonpost.com)

(http://www/sgzt/com)

(http://ng/ru/)

(www.rian.ru)

(www.reuter.com)

(www.yaqoo.com)

(www.bbc.co.uk)

(www.voa.com)

(www.cnn.com)

(www.bbc.co.uk )

(www.1tv.ru)

(www.inosmi.ru)

(www.cac.org)

( http://www.internetworldstats.com)

(http://www.mtrk.uz)